



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AMERICOLD PRAL KREYE 60 DJÒB NAN NOUVO ETABLISMAN DEPO NAN DUNKIRK KI KOUTE 41 MILYON DOLA**

*Pwojè a sipòte pwodiksyon alimantè rejyonal ak endistri fabrikasyon*

*Gade videyo pwojè a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Americold te fini konstriksyon yon etablisman distribisyon depo frigorifik ki mezire 181,000 pye kare sou apeprè 11 ekta tè nan Vil Dunkirk nan Konte Chautauqua. Pwojè 41 milyon dola a pral kreye 60 nouvo djòb, anplis de 250 djòb konstriksyon ki te kreye pou konstwi etablisman an, ki pral bay depo frigorifik ki nesèsè anpil pou chèn apwovizyonman alimantè nan zòn nan.

"Eta New York kontan pou li sipòte kwasans Americold ak avanse efò rekiperasyon ekonomik nan sektè fabrikasyon alimantè enpòtan nan Rejyon Lwès New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Endistri alimantè ak bwason an pral kontinye jwe yon gwo wòl nan leve ekonomi eta nou an, epi atravè inovasyon, kowòdinasyon, ak repons fas ak demann konsomatè yo, biznis New York tankou Americold pral ede asire ke nou kontinye dirije nasyon an nan transpò ak transpò ak estokaj."

Endistri alimantè ak bwason an se yon kontribitè enpòtan e ki estab nan ekonomi ameriken an; li jwe yon wòl dirijan kòm yon anplwayè nan anpil ekonomi rejyonal yo. Efikasite endistri a, inovasyon kontinyèl alavni, ak reponn fas ak demann konsomatè yo k ap chanje te ede asire abòdabilite ak bon jan kalite wpovizyonman alimantè Etazini an, ansanm ak konpetitivite nan ekspòtasyon manje Etazini an. Pwojè Americold la se yon egzanp sou fason aktivite ekonomik prensipal fabrikasyon alimantè kreye enpak segondè ki gen valè ajoute ak bezwen li genyen pou depo ak transpò - sa k ap gen yon repèkisyon sou ekonomi lokal ak rejyonal yo, kreye revni adisyonèl ak travay pou biznis yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Nou vle asire ke endistri pwodiksyon alimantè Rejyon Lwès New York la ap kontinye pwospere. Vas pwojè depo Americold la pral katalize kwasans ekonomik nan Konte Chautauqua ak nan tout rejyon an, sa k ap sipòte fabrikasyon lokal yo ak solisyon depo ak transpò elaji epi kreye nouvo djòb ki pral ede garanti yon avni ki pi briyan pou tout moun."

**John R. Koelmel, ki se Prezidan Otorite Enèji New York yo (New York Power Authority), te deklare,** "Pwojè Niagara Power se yon poto mitan pou devlopman ekonomik nan Jejyon Lwès New York kote li sipòte dirèkteman plizyè dizèn milye travay. Nou menm nan NYPA nou fyè pou nou sipòte Americold pou li kapab etabli yon nouvo depo frigorifik nan Dunkirk ki pral kreye 60 djòb epi ki pral bay espas depo pou Wells Enterprises, ki se yon gwo fabrikasyon krèm glase ak kliyan elektrik NYPA."

Americold ofri yon rezo depo ak distribisyon konplè ki kontwole tanperati ki sipòte pa teknoloji ki pi avanse. Depi prèske 120 ane, Americold ap bay solisyon enjenyèri ki baze sou teknoloji pou endistri chèn ekipman pou kontwole tanperati a - sa ki sipòte tout moun, soti nan atizan lokal yo rive nan makèt rejyonal yo, ak soti nan pwodikti alimantè nasyonal yo rive nan òganizasyon alimantè ak bwason entènasyonal. Sèvis Americold yo gen ladan konjelasyon ak tranp, fèt kit, mete etikèt, kodaj dat, ak re-enbalaj pou satisfè bezwen baz kliyantèl mondyal li a.

**George Chappelle, Direktè Egzekitif Jeneral nan Americold, te deklare,** "Americold fyè de wòl enpòtan nou jwe nan chèn apwovizyonman alimantè a. Nou pran angajman pou bay kliyan nou yo sèvis premye plan pandan n ap ede yo nourri mond lan. Etablisman sa a nan Dunkirk, ki se premye etablisman nou nan lwès New York, pral ede nou pi byen sèvi kliyan nou yo nan zòn nan epi ranpli misyon nou an. Nou kontan anpil pou nou fè pati kominote sa a epi pou nou elaji prezans nou nan eta a."

Pou ankouraje Americold bati nan Eta New York, Empire State Development te ofri konpayi an jiska 700,000 dola nan kredi taks ki baze sou pèfòmans atravè Pwogram Travay Excelsior an retou pou kreyasyon 60 djòb apentan. Anplis de sa, Otorite Elektrisite New York (New York Power Authority, NYPA) ap bay 830 kilowat enèji idwolektrik Niagara a bon mache.

**Senatè Eta a, George Borrello te deklare,** "Li agreyab pou nou wè yon gwo pwojè nou te travay sou li ak ofisyèl eta ak lokal yo pandan plis pase yon ane rive reyalize. Nouvo etablisman depo frigorifik Americold sa a pral sipòte kwasans ak ekspansyon nan endistri pwodiksyon alimantè lokal pandan l ap kreye 60 nouvo travay ki byen peye. Dènye investisman sa a nan rejyon nou an pa yon konpayi Fortune 500 se yon afimasyon mendèv wo nivo rejyon nou an ak angajman pou devlopman ekonomik estratejik. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Komisyè Knight ak tout moun ki te jwe yon wòl nan iktwa sa a."

**Manm Asanble Andy Goodell te deklare,** "Etablisman modèn 40 milyon dola Americold la pral jwe yon wòl enpòtan nan bay kapasite depo frigorifik esansyèl pou izin fabrikasyon krèm glase Well's Enterprises ki tou pre a, kidonk sa k ap ranfòse ekonomi lokal nou an epi bay plizyè douzèn nouvo djòb epi elaji baz fiskal nou an. Pwojè sa a reflekte efò Americold ansanm ak èd ak sipò Gouvènè Hochul, IDA nan Konte Chautauqua, Otorite Enèji New York, National Grid, Empire Development ak anpil ofisyèl Eta ak Lokal yo."

**Egzekitif Konte Chautauqua a, PJ Wendel, te deklare,** "Mwen kontan wè nouvo pwojè devlopman ekonomik sa a rive reyalize. Siksè Americold pral sipòte kwasans lòt biznis lokal ki pral kapab itilize etablisman an pou estoke pwodwi pa yo."

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Americold nan [www.americold.com](http://www.americold.com).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal kap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Hochul ak komèsyalizasyon "I Love NY", ki se mak touris anblemantik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418